



Pou Piblikasyon Imedya: 11/4/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK SENATÈ SCHUMER ANONSE ANTANT AVÈK KRAFT-HEINZ POU KONSÈVE PRESKE 1,000 TRAVAY KI A RISK EPI STIMILE ENVESTISMAN NAN UPSTATE NEW YORK

Izin Avon, Walton ak Lowville ap rete ouvè epi konsève tout travay yo, fèm ti izin Campbell te retade pou 12-24 mwa pandan ke konpayi an ap travay pou idantifye nouvo pwopriyete

Eta avèk Kraft-Heinz angaje pou investi jiska \$50 Milyon pou renovasyon faktori Upstate

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Senatè Etazini Charles Schumer jodia te anonse yon antant ke yo te jwenn pou konsève etablisman Kraft-Heinz ki a risk sa ki anplwaye preske 1,000 travayè toupatou nan Upstate New York. Antant lan ap asire ke Kraft-Heinz konsève yon kantite travay enpòtan toupatou nan Eta New York pou ane kap vini yo epi pave wout la pou investisman adisyonèl ak kwasans nan yon kantite etablisman Kraft-Heinz. Daprè antant lan, Kraft-Heinz ap kontinye opere izin Avon, Walton ak Lowville. Anplis, Kraft-Heinz ap ranvwaye fèm ti izin Campbell ki te planifye pou yon peryòd 12-24 mwa, pandan tan sa konpayi an ap travay avèk otorite lokal, eta, ak federal nan yon efò pou idantifye yon nouvo operatè ki ta konsève travay ki te egziste nan izin lan. Eta ansanm avèk konpayi an ap angaje tou epi investi omwen \$20 milyon pou sipòte epi modènize operasyon izni Kraft-Heinz nan Upstate.

Gouvènè Cuomo te deklare: "Pèspektiv sa yo atravè fèm ti konsèy administrasyon an te reyèl anpil e non sèlman ta devaste kominote sa yo, men te koze kontinwite nan endistri letye nan New York ak odela. Antant sa te ranvèse sityasyon an epi, konsève plizyè santèn travay lokal epi angaje Kraft-Heinz pou investi plizyè milyon dola nan ekonomi Upstate, avèk posibilite pou ogmante travay nan ane kap vini yo. Mwen remèsye Senatè Schumer ak Kraft-Heinz paske yo te travay avèk nou pou pwoteje travay nan kominote sa yo epi ede asire avni chak nan izini sa yo."

Senatè Schumer te deklare: "Aprè nenpòt fizyon ki enplike yon konpayi enpòtan nan Upstate tankou Kraft ki anboche plizyè milye travayè ak sipòte anpil endistri letye, mwen enkyete sou nenpòt posib konsekans negatif sou travay nou yo nan Upstate New York. Faktori Kraft New York Kraft nan Avon, Walton, Campbell ak Lowville te nan enpas, e plizyè milye fanmi te gen risk grav pou pèdi travay yo. Men travay ansanm

avèk Gouvènè Cuomo te anmezi pou elabore yon akò avèk Kraft-Heinz kap konsève faktori sa yo pou yo pa fèmen; ki pwoteje travay; e investisman sa nan kwasans avni chak nan kominote sa yo. Se yon akò gayan ki pral bon pou Kraft-Heinz epi bon pou kenbe ak ogmante travay nan Upstate New York.”

Detay akò sa ke Gouvènè Cuomo ak Senatè Schumer te negosye a se nan fason ki annaprè a:

AVON Premyèman, antant lan ap ranvèse fèmti etablisman Avon nan Konte Livingston. Etablisman Avon Kraft-Heinz, ki fè pwodui Lunchables ak Cool Whip, anplwaye yon total 405 moun e li se pi gwo anplwaye sektè prive nan Konte Livingston. Kraft-Heinz te planifye pou l fèmen etablisman Avon ak revoke tout 405 anplwaye yo. Antant ke yo te rive jwenn jodia ap non sèlman sove izin Avon ansanm avèk tout 405 djòb yo pou omwen 5 pwochen ane yo, men lap gen ladan tou angajman Kraft Heinz pou posiblerman elaji Avon sou senk pwochen ane yo epi ajoute nouvo djòb nan etablisman an, pote total travay la anplis de 405.

WALTON: Dezyèmman, Kraft-Heinz ap ranvèse fèmti planifye etablisman Walton nan Konte Delaware. Etablisman Walton anplwaye 141 moun epi fè fwomaj kotaj ak krèm si. Etablisman an te prevwa pou fèmen e tout 141 djòb yo ta elimine. Antant lan ke yo te rive jwenn jodia ap konsève izin Walton ansanm avèk toulè 141 djòb yo pou omwen 5 ane, asire ke pa gen revokasyon oswa rediksyon nan etablisman an.

LOWVILLE: Twazyèmman, Kraft-Heinz ap kenbe tout anplwaye yo ki egziste deja nan etablisman Lowville nan Konte Lewis. Etablisman Lowville la anplwaye 340 moun e lap fè pwodui Philadelphia Cream Cheese. Anplis pou kenbe travay nan Lowville, Kraft Heinz ap ajoute omwen 110 djòb adisyonèl nan etablisman Lowville sou 5 pwochen ane yo.

CAMPBELL: Katriyèmman, antant sa ap kreye chemen ki esansyèlman enpòtan pou konsève travay nan etablisman Kraft-Heinz Campbell nan Konte Steuben. Etablisman Campbell, ki fè pwodui fwomaj Polly-O String, Fwomaj Mozzarella, ansanm avèk lòt varyete fwomaj italyen ki te premye priyorite Kraft-Heinz pou fèmti. Nan yon efò pou ede konsève 393 djòb nan etablisman sa, Gouvènè Cuomo ansanm avèk Senatè Schumer te garanti yon angajman bò kote Kraft-Heinz pou retade fèmti a epi kontinye fonksyone etablisman an pou omwen pwochen 12 a 24 mwa, ak pou travay avèk otorite lokal, eta, ak federal pou ede jwenn yon achtè stratejik pou etablisman an ki ta kenbe izini lan ouvè epi kenbe 393 djòb. Konpayi an te aksepte tou pou ofri nenpòt anplwaye kap kite etablisman Campbell premye chwa pou nouvo pozisyon nan izini Avon ak Lowville.

INVESTISMAN KAPITAL: Finalman, antant lan gen ladan plan pou yon investisman kapital mache ki soti alafwa nan Kraft-Heinz ak Eta New York nan operasyon konpayi Avon, Walton ak Lowville. Investisman Eta ap inisyaman plafonnen a \$20 milyon sou senk pwochen ane yo, founi ke konpayi an investi tou \$20 milyon. Si apre senkan sa yo, Kraft-Heinz pa diminye travay global li nan Eta New York, e li te investi omwen \$25 milyon nan operasyon Upstate li, ESD ap investi \$5 milyon adisyonèl, sa ki pote

investisman total matche konbine a omwen \$50 milyon nan Upstate New York.

An rezime, antant ke yo te jwenn ant Kraft-Heinz ak Eta New York ap redwi konsiderableman total 939 revokasyon ki te planifye sou pwochen 12 – 24 mwa yo. Anplis, antant lan ap plafonnen rediksyon djòb nèt nan Eta New York a 280 oplis, sou 5 pwochen ane yo e lap redwi pwobableman rediksyon sa ki te planifye oswa elimine l konplètman grasa posib lavant etablisman Campbell ak elajisman etablisman Avon.

Antant sa vini apre fizyon konpayi Kraft ak H. J. Heinz ki te elabore pa 3G Capital nan ete sa. Fizyon an te deklanche egzaminasyon yon konpayi lokal sa ki mete etablisman yo nan Avon, Walton ak Campbell anliy pou fèmti – kidonk redwi travay total yo nan Eta New York pa 939 djòb epi kite Lowville kòm sèl etablisman konpayi an nan Eta New York. Lè yo te fin fè odyans lan ansanm avèk egzaminasyon ki anrapò a, Gouvènè Cuomo ansanm avèk Senatè Schumer yo chak te kontakte PDG Kraft-Heinz Bernardo Hees pou eksprime ijans pou kenbe travay nan New York, epi travay kolaborativman avèk konpayi an pou negosye antant sa nan fason pou konsève otan de travay ke posib epi asire pwochen investisman ak kwasans.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418